Serie No. 527 Hargana f 0.30

Wason
PL5454
S92

ASIA

WAWATJAN ABDOELKOMAR

KARANGAN

MAS SOEHARMA.

UITGAVE VAN DE COMMISSIE VOOR DE VOLKSLECTUUR

KALOEARAN BALE POESTAKA

P. DUCRO. UIT V.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from CORNELL UNIVERSITY

Wason
PL5454
S92

CORNELL
UNIVERSITY
LIBRARY



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Cornell University Library
PL 5454.S92
Wawatjan Abdoelkomar.
3 1924 020 517 185

DATE DUE

JUL 4 1951			
GAYLORD			PRINTED IN U.S.A.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Serie No. 527 Hargana f 0.30

WAWATJAN

ABDOELKOMAR


KARANGAN

MAS SOEHARMA

KALOEARAN
BALE-POESTAKA.

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR — WELTEVREDEN — 1922

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

DANGDANGGOELA.

1. Sinékaran noe djadi mamanis,
pamaksadan nóeroetan boedjangga,
miwah kadang-warga kabeh,
noe ahli saréng toetoer,
toeman kana ngoengkara dangding,
malar djadi résépna,
maos djeung ngaroengoe.
soegan tina résép matja,
laoen[2] nambahan oge pangarti,
atawa loba loeang.

2. Malak-mandar didjarieun misil,
djadi eunteung keur ngeunteungan lampah,
ka lalaki ka awewe,
sadaja meureun maphoem,
dangét ieu geus rea istri.
noe pintér toer pértjeka,
radjeun sok teu moeloes,
aja bae katjawadna,
teu koe hanteu rea[2] noe geus boekti,
kieu djeung kitoe tea.

3. Saoepama énggeus laki-rabi,
tara awet da soengkan diadjar,
elmoe djeung prak boemen[2],
ngawoela soehoed[2],
ka tjaroge lahir djeung batin,
lahir noe kaoeninga,
batinna di poengkoer,
di poengkoereun mah ngolembar,
hénteu kaop djaoeh ti panon salaki,
sok njorang lampah salah.

4. Tjohagna mah hénteu wéning ati,
asoep kana babasan baroedak,
„ngarompi" anoe kitoe teh,
rompi sae ti pajoen,
ti poengkoerna mangga tingali,
tah kitoe oepamina,
meureun hamo moeloes,
pabentar sapapaosna,
margi bakat sae-awon awal-ahir,
nadjan boeni kapéndak.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

5. Kitoe deui noe djadi lalaki,
osok ieu aing kena[2],
koe doemeh diwënangkeun teh,
bodjoan doea-tiloe,
teu kaopan nendjo noe geulis,
tjareraman kabita,
eta lampah kitoe,
sok dipake kaoelinan,
isoek nikah, sore diserahkeun deui,
antoekna tambah roetjah.

6. Djalma roetjah eta teh pinasti,
djalan[2] kana hiroep soesah,
da mindĕng gĕringan bae,
malah saoer noe loehoeng,
doktor[2] anoe arahli,
sok tara boga anak,
di bogana ripoeh,
tara lila toeloej adjal,
malah radjeun boedak lolong barang lahir,
moen hiroep tangtoe soesah.

7. Indoengna ge mo' pati walagri,
tina sabab tangtoe katepaan,
koe panjakit anoe goreng,
toeroen ka anak-intjoe,
mana poma mangka areling,
singkahan lampah roetjah,
ambeh hiroep moeloes,
oelah njorang paribasa,
ati[2] saĕnggeus katjingtjirihi,
ditioeng sanggeus hoedjan.

8. Malah ieu noe baris diwintjik,
didadarkeun dikarang koe tĕmbang,
lalakon awewe saleh,
anoe soehoed-soemoedjoed,
koemawoela lahir djeung batin,
keur boedak ka kolotna,
noeroet sapiwoeroek,
tara aja noe dipoengpang,
barang gĕde koemawoela ka salaki,
lara bagdja tarima.

9. Nadjan bĕngis noe djadi salaki,
lamoen hantĕm dilawan koe sabar,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

noe bèngis toengtoengna eleh,
ahirna djadi toendoek,
mitjeun kana lampah noe tadi,
timboel hate manoesa,
noe saleh toer moeloes,
lantaran era sorangan,
tah sakitoe pamikirna eta istri,
teu gaplah hate sabar.

10. Toeloej aos ieu noe digoerit,
baris njeuseuh rèrègèding manah,
aja hidji nagri gède,
dajeuh garoeda ngoepoek,
patjarèman anoe sinèlir,
nandjoeng noe djadi pangkat,
matak bètah matoeh,
nandjak djalan ka tjaina,
tjek pantoen mah: „Matak sararoegih moekti,
arawet kadjènènngan."

11. Eta boekti saeusi nagari,
djalma[2] pada gènah-bètah,
kana gawe soson[2],
rèboen[2] geus ngabroel,
balangsiar neangan ridjki,
padagang nanggoeng barang,
koeli manggoel patjoel,
toekang tani geus prak njabak,
sagawena[2] noe maranti,
kitoe salalawasna.

12. Anoe matak nagri tambah rèsik,
aloes hawa toer asak piara,
djalmana meh sènang kabeh,
noe tani mèdah-mèdoeh,
loba doeit baloentjir leuit,
kitoe deui padagang,
salawasna oentoeng,
noe koeli gède boeroehna,
radjana ge beunghar teu aja noe nanding,
dina mangsa harita.

13. Eta nagri katèlah Marangin,
kakasihna anoe djadi radja,
Sang Pèrboe Gardjita katong,
waktoe eta katjatoer,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

aja hidji soedagar soegih,
kapal lajarna opat,
parahoe sapoeloeh,
toko-tokona ngadjadjar,
toko beas, toko bako, toko éntjit,
sarta djeung salianna.

14. Keur mah beunghar, boga anak hidji,
toer lalaki bidjilan sakola,
kasep teu aja noe nĕndeng,
djangkoeng-koneng sampoeloer,
hade saoer djeung amis-boedi,
asalna tĕdak Bagdad,
gawena noe bakoe,
dipĕtakeun koe ramana,
njékĕl boekoe, kaloear-asoepna doeit,
dina sapopoëna.

15. Sĕlang[2] daměl noe maranti,
ngawakilan ramana roronda,
ngoemisi ka oenggal toko,
ngaranna geus kamashoer,
katĕlahna Abdoelkomar bin,
Hadji Moehamad Irsad,
oemoerna katjatoer,
dina etangan ramana,
waktoe eta doea poeloeh taoen mandjing,
séděng roemadja-poetra.

16, Ngan sok kena kasep ieu aing,
loba harta, handjakal katjida,
boga adat anoe goreng,
karĕsĕpna ngawajoeh,
hĕnteu kaop nendjo noe geulis,
sok 'moen djinisna soeka,
kolotna nja kitoe,
ngoembar napsoe ngoelajaban,
tampolana tjoel gawe, neangan istri,
noe poeroeneun diopat.

17. Moen geus bosĕn teu tata-pasini,
nadjan kabeh harita dipirak,
salamina kitoe bae,
ajeuna noe katjatoer,
aja deui soedagar soegih,
Aboekasim ngaranna,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

pĕngkoeh njĕkĕl hoekoem,
teu ara ngarah-ngarinah,
batal, haram, eta sakabeh dipahing,
toengtoeng kota imahna.

SINOM.

1. Ki Aboekasim harita,
geus boga anak sahidji,
istri geulis djeung pĕrtjeka,
handap asor, hade boedi,
timpoeh toer teu koemaki,
katĕlahna Siti Ningroem,
geus misah ti sĕpoehna,
dileler tĕmpat pribadi,
dipaparin baboe sarta keur goeroena.

2. Goeroena istri oetama,
geus sĕpoeh, alim, binangkit,
hatam sagala kabisa,
ĕnggeus poegoeh kana ngadji,
digawe kitoe deui,
ngarenda, ngabordel, ninoen,
ngapoet, njoengging djeung njoelam,
olah[2] kitoe deui,
eta goeroe dileler gadjih boelanan.

3. Katjarita lawas[2],
Nji Siti Ningroem kawarti,
dina waktoe[2] eta,
geus sĕdĕng roemadja-poetri,
joeswana koerang-leuwih,
tina toedjoeh wĕlas taoen,
meudjeuhna wĕkĕl pisan,
kana roepa[2] ilmi,
tara soengkan, da lain adjang noe lian.

4. Ti harita hĕnteu lawas,
kĕrsana noe Maha Soetji,
tara tjidra ti djangdjina,
parĕng dina mangsa hidji,
goeroe Nji Ningroem gĕring,
oebar doekoen hĕnteu mampoeh,
harita ladjĕng wapat,
Nji Ningroem bangĕt prihatin,
tina hĕnteu aja goeroe keur gantina.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

5. Ajeuna taja noe ngadjar,
ngan woengkoel ngaderés ngadji,
djeung digawe roepa[2],
noe beunang diadjar tadi,
taja tambahna deui,
piwoeroek djénatna goeroe,
boelak-balik ngan eta.
Nji Ningroem tambah prihatin,
toeroeg[2] joeswa geus aja dawoehna.

6. Roemaos geus hina pisan,
nilik sasamana istri,
ĕnggeus pada tjarogean.
ti dinja toeloej ngaléngis,
barina tjeurik leutik.
njambat ngarangkoel ka baboe:
„Na' koema' kérsa ama.
noe matak hĕnteu digalih,
diri koering geus sakieu kagedean."

7. Baboena wélaseun pisan,
harita ge toeloej indit,
ngadeuheusan ka soedagar.
geus tépoeng, pok hatoer ta'dim:
„Doeh djoeragan, Nji Siti,
ajeuna keur sangét ngangloeh,
ngoengoen-liwoeng manahna,
mĕnggah koe timbangan abdi,
taja sanes ngantos dawoehan gamparan.

8. Reh poetra geus sĕdĕng joeswa,
gamparan atjan kakoeping,
mirĕmpag keur tjarogena,
toerta moal ĕnja sisip,
bahan tanapi doeit.
eukeur baris ngoeroep mantoe,
koema' noe djadi kérsa,
noe lian atawa wargi,
naha baris ngilari bangsa soedagar?

9. Da nadjan poetra oelama.
atawa poetra prijaji.
mo' boeroeng roa noe kérsa,
ajeuna panoehoen abdi,
moegi dimanah lantip.
soepados enggal kadahoep",

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

ti dinja ki soedagar,
maos: „Alhamdoelillahi,"
rémpoeg pisan kana satjarita émban

10. Ajeuna mah maneh moelang,
bedjakeun ka anak kami.
oelah mangloh indoeng-bapa,
nja méléng diri pribadi,
indoeng-bapa teu sisip,
noe matak tatjan dioeroes,
manehna masih koerang.
koe kami ĕnggeus kadjoedi.
tatjan tjoekoep elmoena keur imah-imah.

11. Sabab teu beunang digampang,
lalakon boga salaki,
pigeusaneun djadi hardja,
loeloes-moeloes laki-rabi,
moekti djeung sĕnang ati,
rahajoe saoemoer-hiroep,
da ari indoeng-bapa,
ngan rek titip mata-tjeuli,
masing gĕnah ngadenge teudjeung nendjona.

12. Ari anoe djadi boerang,
estoe hĕnteu aja deui.
matak ngoelajaban bajah,
njoengkĕlit di djĕro peudjit,
inggis njeredet ati,
soemaoet dina djadjantoeng,
ngan lantaran ti anak,
lamoenna hĕnteu pinanggih,
loeloes-moeloes ngawoela ka salakina.

13. Bapa rasa katĕmpoehan,
sabab asal bapa wadjib,
ngawarah noe djadi anak.
keur waktoena masih leutik,
awewe pon lalaki,
pĕréloe disoewoek elmoe,
anoe baris mangpa'at.
ajeuna moenggoeh Si Njai,
koedoe meunang heula elmoe noe sampoerna.

14. Sabab baris kalakonan,
pérloe kadjoedi koe ati.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

pikeun lampah kahareupna,
soepaja salamĕt diri,
djaoeh tina balai,
noe matak wirang ka sĕpoeh,
bral maneh geura moelang,
tjaritakeun ka Nji Siti,
oelah moengkoer moen elmoe atjan kapaham.

PANGKOER.

1. Njai ĕmban gantjang moelang,
geus patĕpoeng deui djeung Njai Siti,
toeloej bae dipitjatoer,
ti awitna oendjoekan,
ka ramana, hĕnteu aja noe kalaroeng,
sarta pisaoer ramana,
dioendjoekkeun ka Nji Siti.

2. Hĕnteu aja noe kaliwat,
gĕmĕt pisan diwintjik titi-rintih,
Nji Siti ngawalon: „Noehoen",
harita tĕras dangdan,
rek ngadeuheus ka rama sarĕng ka iboe,
njoehoenkeun dawoeh noe njata,
tina hal talaboel ilmi.

3. Koemaha kĕrsa ramana,
barang dongkap ka rama hormat ta'dim,
sampean rama diamboeng,
„Nĕda pidoe'a ama,
sarĕng iboe moegi-moegi hasil maksoed",
ramana ladjĕng ngandika,
sarta maparin wawadi.

4. Doeh njai, djoengdjoenan ama,
moega[2] dikaboel maksoed Njai,
moenggoeh djalma koedoe kitoe,
sing tawĕkal ihtiar,
oelah wĕleh, moen elmoe atjan katimoe,
ari piongkoseunana,
ama anoe boga wadjib.

5. Montong ngaborongkeun ama,
nadjan beak sakabeh harta lĕdis,
dipake ngoeroepan elmoe,
ama teu panasaran,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

soekalilah dipake talaboel elmoe,
sabab elmoe mah mangpa'at,
awet hënteu keuna leungit.

6. Ari pigoeroeeunana,
geura milih koemaha karëp Njai,
ama moal miloe[2],
pilih geura tjaloekan,
pek goeroean elmoena nëpi katoetoeg,
awewe koedoe sajaga,
koedoe pinoeh koe pangarti.

7. Noe lian meureun hareran,
doemeh ama ka Njai bangët mërdih,
njiar elmoe koedoe toetoeg,
halna naon kakoerang,
ama beunghar Njai moal soesah hiroep,
teu kitoe pikir ama mah,
Njai koedoe boga harti.

8. Lamoen diparëng lakian,
koerang bisa ngawoela ka salaki,
kieu loepoet — kitoe loepoet,
poegag sagala roepa,
anoe djadi salaki tangtoe teu mahkoel,
meureun mindëng ngabaeudan,
mondokkeun doeriat pasti.

9. Tah eta kitoe sababna,
anoe matak ama nitah ka Njai,
ngolah elmoe masing toetoeg,
keur bëkël tjarogean,
djeung rëgëpkeun heulaan ieu pitoetoer,
djalan kana kaslamëtan,
lënjëpan masing kaharti.

SA'IR.

1. Njai përloe pandjang nalar,
oelah boetëk tjara balar,
sing ngambaj tjara koekoelar,
ti mana marga goemëlar.

2. Eta pasti tina marga,
iboe-ama noe ngajoega,
poerwa përloe koedoe djaga,
koe lampah anoe përjoga.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

3. Koedoe diesto-dipoesti,
imankeun mangka sajakti.
sangkanna pinanggih moekti,
bĕrkah sĕpoeh noe goemati.

4. Noe goemati pangroematna,
tina kahemananana,
noe hĕnteu aja bandingna.
toer langgĕng taja pĕgatna.

5. Pandjang lamoen ditjarita.
pangasih sĕpoeh noe tjinta,
mapan ajeuna ge njata,
hĕnteu ngitoeng banda-harta.

6. Njai koedoe toemarima,
malés ka iboe-ka ama,
ari malésna tarima.
koedoe koe elmoe oetama.

7. Ama-iboe noe dipoedji,
tiloe roepa, tjek paradji,
matja, matjoel reudjeung ngadji,
eta ratoening pangadji.

8. Sakabehna kapintĕran.
djadi tangkal kabeungharan,
reudjeung dapoer kahegaran,
landong manah kasoekĕran.

9. Basa matja teh iskola,
diadjar tata — ngawoela.
ngitoeng, noelis noe tetela,
matja pakeun noe ngawoela.

10. Paedahna koemawoela,
lamoen bĕnĕr hénteu tjóla.
moen djadi garwa kapala,
geus tinangtoe meunang pahla.

11. Noe radjin sarta satia.
ĕnggeus pasti manggih kaja,
tina marga dipĕrtjaja,
salaki ngamoelja-moelja.

12. Moen parĕng djadi Nji Tjamat,
soegĕma miras pani'mat,
saban boelan tampa pasmat,
koe batoer dihormat-hormat.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

13. Madjoe djadi Nji Wadana,
tambah hegar sarta réna,
noe seba taja pegatna,
djaba kaoentoenganana.

14. Ari basa matjoel tea,
tégésna tani makaja,
mélak pare djeung paria,
atawa naon noe aja.

15. Roepa² kadaharan,
noe kira matak njingkiran,
tamba lĕsoe lolongseran,
marga tina kalaparan.

16. Reudjeung basa matjoel tea,
lain ngan woengkoel makaja,
tapi sagala oepaja,
gawe badag koedoe paja.

17. Eta kabeh pagawean,
tangtoe djadi kamahian,
nadjan njoekoep anoe lian,
moal hanteu kabagian.

18. Gawe dibarĕngan harti,
lamoen tani kari moekti,
lamoen dagang pinoeh pĕti,
sĕnang badan tiis ati.

19. Henteu tjape kalabakan,
ngidĕr, ngoejang njiar hakan,
da aja beunang noempoekan,
ngan woengkoel kari ngasakan.

20. Ari basa ngadji tea,
ngadji kitab anoe moelja,
piwoeroek para ambia,
papakĕm ti raboelŏemja.

21. Nja eta elmoe agama,
elmoe wali djeung oelama,
noe ahli lampah oetama,
soehoed bakti ka Jang Soekma.

22. Pĕrloe sagala diadji,
woeroekna ti noe dipoedji,
lampah santri ahli moedji,
timbalan Allah noe hidji.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

23. Moenggoeh santri noe sadjati,
lahir-batin manggih moekti,
djangdjina Raboel-idjati,
moal geseh pasti boekti.

24. Di batin wande soegëma,
koe Pangeran ditarima,
dileler tëmpat oetama,
soegëma sakama-kama.

25. Deui elmoe mah ngoengkoelan,
ëmas perak noe pikoelan,
atawa doeit kapalan,
sabab elmoe mah tangkalan.

26. Tangkalna teh dina ati,
rekep batan dina pëti,
awet tara beak pasti,
tara koe toko koe peuti.

27. Tapi nadjan soegih elmoe,
rea kabisa panemoe,
oepama ngëdoel kamoemoe,
ëmboeng mëtakeun panëmoe.

28. Karësëp ngan këkëdëngan,
tëngah imah tëtëmbangan,
bari noenggoean ambëngan,
salaki lat moentjërëngan.

29. Lamoen kitoe tanpa goena,
elmoe teh taja hasilna,
tjara djam euweuh djaroemna,
atawa taja lotjengna.

30. Sanadjan hiroep sampoerna,
da teu aja tëtëngërna,
pikeun noedoehkeun waktoena,
eta teu aja goenana.

31. Reudjeung Njai bok manawa,
dikadarkeun pandjang joeswa,
nëpi ka waktoe sawawa,
poma oelah njiar tjoea.

32. Pamenta iboe djeung ama,
oelah sok sakama-kama,
milampah noe teu oetama,
ëngke lamoen geus akrama

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

33. Poma masing eling pisan,
oelah kéréng barangasan,
lamoen ambek koedoe pisan,
njandét lambéj reudjeung lisan.

34. Sakitoe ama wawarti,
koe Njai masing kaharti,
moen diimankenn pinasti,
awal-ahir manggih moekti.

PANGKOER.

1. Hënteu pandjang ditjarita,
Njai Ningroem harita ënggeus tampi,
artos baris majar goeroe,
geus moengkoer ti ramana,
toeloej milih sorangan goeroe noe lépoes,
tatanja ka oenggal djalma,
témpatna paradji sakti.

2. Nji Siti gémét njatétan,
ngaran[2] adjar reudjeung paradji,
goeroe pelet goeroe ténoeng,
goeroe kapaliasan.
pitjeutjeuban piwoeroengan hënteu kantoen,
goeroe sihir panéloehan,
rek dikatoeranan linggih.

3. Angkeuhna lamoen bisa mah,
hajang hatam sagala elmoe lahir,
elmoe batin pon nja kitoe,
arek sakoeat-koeat.
diadjarna hajang sing népi ka djoenoen,
djimat, toembal, nadjan mahal,
koe Nji Ningroem rek dibeuli.

4. Kabeh paniatanana,
kaboektian wantoe teu koerang doeit,
goeroe-goeroe pada soehoed,
ngawaridkeun elmoena.
kawoewoehan noe diadjarna satoehoe,
kéntjéng karép gede niat,
katambah seukeut panggalih.

5. Hënteu sabraha lilana,
elmoe-elmoe geus pépék di Nji Siti,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

djimat-djimat pon nja kitoe,
asa taja kakoerang,
tjoekoep pisan bekel pioboreun hiroep,
keur bawaeun tjarogean,
taja kasoesah karisi.

6. Asihan djeung piwoeroengan,
keur pakeeun moen geus boga salaki,
soepaja tjaroge woeroeng,
niatna ka noe lian,
kinasihan soepaja tětěp miloetjoe,
wělas asih ka andjeunna,
lahir toeměka ing batin.

7. Gantjangna ieu tjarita,
Njai Siti ěnggeus loengsoer ti boemi,
sědja ngadeuheus ka sěpoeh,
ngoendjoekkeun paněmoena,
sadjadjalan njaoer salěběting kalboe,
tada teuing iboe ama,
bingahna ningali aing.

8. Doemeh sakieu sangkěpna,
pangawěroeh leuwih ti lian istri,
estoening poendjoel ti batoer,
ngoengkoelan ka sasama,
barang djol teh katingal koe rama iboe,
Nji Siti dihiap-hiap,
bagea Ningroem anaking.

9. Koemaha ngelmoe teh hatam,
tjing tembongkeun meunang talaboel'ilmi,
nji Ningroem toeloej brěk dioek,
di pajoeneun ramana,
pok ngamalkeun do'a-do'a noe geus timoe,
dipapaj ti mimitina,
dipapatkeun hidji-hidji.

10. Didangoekeun koe ramama,
djeung dibanding elmoe Allah noe soetji,
loba elmoe anoe mangproeng,
teu tjotjog djeung agama,
ěnja eta piwoeroek ti doekoen-doekoen,
elmoe sihir, paněloehan,
soelaja djeung elmoe soetji.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

11. Kitoe deui do'a-do'a,
reudjeung isim tjotjog oge djeung hadis,
tapi sedjen noe dimaksoed,
lain elmoe lakian,
ladjĕng bae ki soedagar maos ta'oed,
„A'oedoebillahi minha,
ngalindoer eta teh Njai!!

12. Ja Allah noe sipat rahman,
moegi-moegi ngampoera anak abdi,
anoe kalangsoe kasaroeng,
goegoeroe elmoe sasar,
meunang warid papatah elmoe noe gĕdjoel,
elmoe sihir patĕnoengan,
anoe dilarang koe Nabi.

13. Ladjĕng njaoer ka poetrana:
Adoeh Njai, elmoe maneh teu hasil,
noe beunang maneh goegoeroe,
lain elmoe lakian,
soemawonna elmoe-elmoe noe ti doekoen,
kabeh oge elmoe sasar,
anoe dilarang koe Nabi.

14. Djadi maneh koedoe tobat,
sarta mitjeun kana elmoe noe tadi,
djeung Njai koedoe tapakoer,
nĕda pitoeloeng Allah,
moegi-moegi gantjang dipasihan elmoe,
pikeun laki-rabi tea,
noe tjotjog djeung hadis-adil.

15. Siti Ningroem bangĕt wirang,
sarta sieun doraka ti Mah' Soetji,
enggal ka ramana njoeoeh,
njioem dampal sampean,
pok oendjoekan, „Ama, abdi amit moendoer,
soemĕdja tobat ka Allah,
nĕnĕkoeng moedja sĕmedi."

KINANTI.

1. Toeloej moendoer Siti Ningroem,
moelih ka boemi prihatin,
ras kana lampah andjeunna,
neangan elmoe teu hasil,
sasoempingna ka boemina,
tapakoer di kamar sĕpi.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

2. Néda hampoera Jang Agoeng,
tina dosa agĕng-alit.
anoe ĕnggeus kalakonan.
noehoen rahmat Maha Soetji.
moegi dipasihan ilham.
diboeka elmoe noe soetji.

3. Djeung bari njambat ka goeroe,
nja eta goeroe mimiti.
anoe ĕnggeus wapat tea,
ditjipta di djĕro ati,
disoehoenkeun karamatna,
hadiah tasbeh djeung tahlil.

4. Barang geus djĕdjĕg saminggoe.
tapakoer di kamar sĕpi,
mĕnĕran malĕm Djoemaah,
Njai Siti Ningroem ngimpi,
disampeurkeun koe goeroena,
noe keur ditjipta koe ati.

5. Sarta masihan piwoeroek:
„Maksoed Njai tangtoe hasil,
ari noe djadi lantaran,
Njai koedoe gasik-gasik,
djiarah ka makam ejang,
ramana Seh Aboekasim."

6. Isoek[2] bada soeboeh,
Njai Ningroem gantjang indit,
djarah ka makam ejangna,
barang dongkap maos tahlil,
maos tahlil atjan tamat,
datang doea djoeroe koentji.

7. Mawa amparan araloes,
samak reudjeung pramedani.
eta amparan tjawisan,
wakapna Seh Aboekasim,
pikeun tjaralik noe djarah,
disimpĕn koe djoeroe koentji.

8. Doea djoeroe koentji sĕpoeh,
awewe sarĕng lalaki,
meh teu aja sasamana,
nini-nini, aki-aki,
liwat tina oemoer loembrah,
toedjoeh poeloeh toedjoeh leuwih.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

9. Dipariksa koe Nji Ningroem:
„Adoeh, aki reudjeung nini,
naha saroea kolotna,
doeloer atawa salaki?"
Nini koentji pok oendjoekan:
„Soemoehoen salaki abdi."

10. Mariksa deui Nji Ningroem,
njésedék ka nini-nini:
„Ka saha nini lakian,
sanaemeh kawin djeung aki?"
Nini koentjen ngawalonan:
„Hénteu doea-tiloe kali.

11. Estoening saoemoer hiroep,
ngaraos kawin sakali,
tepoeng boedjang sarèng landjang,
kitoe deui ieu aki,
bodjona ngan nini pisan,
taja sadjawi ti nini."

12. Nini koentjen pok disaoer,
dipiwarang deukeut tjalik,
dipariksa lalakonna,
sapandjangna laki-rabi,
dina sakitoe lawasna,
teu manggih soelaja pikir.

13. Nini koentjen deui matoer:
„Bérékah salira Njai:
salami nini lakian,
hénteu njorang roedèt pikir,
ngeunah, sénang salawasna,
tara njorang poesing ati."

14. Mariksa deui Nji Ningroem:
„Tjoba tjaritakeun nini,
naon noe djadi lantaran,
anoe matak sénang ati,
salamèt teu manggih soesah,
dipiasih koe salaki.

15. Soegan nini boga elmoe,
doa atawana poedji,
noe geus njata karasana,
elmoena boga salaki.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

ajeuna kaoela nĕda,
ngalap bĕrĕkah ti nini.

16. Moegi Goesti Allah ngaboe̊i,
nini djadi goeroe koering,
lamoen koedoe make sarat,
naon bae noe dimisti,
koela soemédja ihtiar,
kasmaran keur mere nini."

ASMARANDANA.

1. Nini koentjen hatoer ta·dim,
ngawalon pamariksaan:
„Nini mah djĕlĕma bodo,
teu jasa poedji djeung do·a,
soemawon gadoeh kitab,
ngan mitoehoe saoer sĕpoeh,
noe karaos koe nini mah.

2. Nja eta goeroe soeargi,
waktoe nini anjar nikah,
ngadeuheus nĕda bongbolong,
sĕdja nini ngalap bĕrkah,
nĕda djiad pangdoe·a.
Njai goeroe pŏk miwoeroek,
elmoena anoe lakian:

3. Moenggoeling noe laki-rabi,
koedoe hade patekadan,
soepaja oelah tjerewed,
reudjeung senang karasana,
hampang nja pipikiran,
ngeunah dahar, ngeunah nginoem,
sarta tibra sasarean.

4. Moen hajang kitoe teh misti,
tetĕpan sarat noe opat,
kawadjiban noe djodjodo,
nja eta elmoe lakian,
nomĕr hidji itikad,
hĕnteu aja doea-tiloe,
pameungkeut di alam-doenja.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

5. D'aba ti salaki aing,
geus ditoelis dina papan,
panasten djaman bareto,
ari pihartieunana,
oerang oelah kabita,
nendjo ka salaki batoer,
hade roepa gede bagdja.

6. Sababna enggeus dipasti,
lara, bagdja djeung tjilaka,
oentoeng, roegi sarta djodo,
memang geus dipatjang-patjang,
keur dina alam toekang,
moal pahili-kaliroe,
djeung teu beunang diowahan.

7. Lalaki nja kitoe deui,
sing tarima kana kadar,
goreng oge bodjo dewek,
nadjan lëndjang djiga wajang,
da lain bodjo oerang,
kadjeun njëmploe djeg bërënoek,
da eta milik noe halal.

8. Sarat kadoea përkawis,
eta ge taja bedana,
pikeun lalaki-awewe,
poma sing silih singkiran,
naon noe matak tjoea,
poma-poma koedoe laroeng,
oelah wani ngalakonan.

9. Naon kasëngit salaki,
oelah disorang koe oerang,
lalaki nja kitoe keneh,
naon kasëngit bodjona,
poma oelah dilanggar,
anggoer njingkir ka noe djaoeh,
oelah sok rasa mokaha.

10. Sarat katiloena deui,
tjaroge djeung garwa tea,
koedoe pada silih wowoj,
sakaresep-sakatjoca,
djeung sabanda-saboga,
toenggal sanak, toenggal doeloer,
oelah sok beurat sabeulah.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

11. Saperti wargi salaki,
oelah sok dibeda-beda,
djeung anggap baraja dewek,
moenggoeh pangasih-piwĕlas,
nadjan handap bangsana,
tapi lamoen bangsa loehoer,
tata, basa koedoe beda.

12. Nja kitoe deui lalaki,
ka baraja pamadjikan,
oelah didjieun noe sedjen,
angkĕn baraja sorangan,
sabab lamoen nogentjang,
sok matak djadi teu poegoeh,
ahir djadi kabĕngkahan.

13. Sarat kaopat pĕrkawis,
awewe wadjib ngaraksa,
beurang-peuting oelah poho,
sing bisa njimpĕn rasiah,
rasiah tjarogena,
reudjeung sadjaba ti kitoe,
sing bisa noetoep wiwirang.

14. Noetoepan wirang salaki,
rea-rea pĕrkarana,
teu pĕrloe didjentre-djentre,
saperti moen aja semah,
koedoe gantjang soegoehan,
djeung nembongkeun boedi aloes,
anoe matak boengah semah.

15. Tapi moen salah-sahidji,
aja anoe pantja-bagah,
boh lalaki, boh awewe,
soelaja nja pipikiran,
koedoe silih hampoera,
ingĕtkeun watèkna mahloek,
biasa loba lĕpatna."

DANGDANGGOELA.

1. Ĕnggeus tamat, pihatoerna nini:
„Ngan sakitoe anoe ditjĕkĕlan,
noe ditoengkoes dina hate,
piwoeroekna nji Goeroe,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

dilampahkeun siang djeung wĕngi,
alhamdoelillah pisan,
katĕda, kasoehoen,
salami nini lakian,
hénteu mĕndak njĕri ati, poesing pikir,
marga ti ati pasrah.

2. Tina emoet ka wawangsit tadi,
saoepami aja kalĕpatan,
lantaran nini noe awon,
poen aki hĕnteu poendoeng,
sinarĕngan teu ngomong bĕngis,
anggoer matja istigpar,
noehoen ka Jang Agoeng,
mangnĕdakeun ka Jang Soekma,
énja eta margi nini bĕrsih ati,
teu ara kana moengpang.

3. Kitoe deui oepami poen aki,
kataradjang aja kalĕpatan,
djeung hate nini teu tjotjog,
koe nini sok diharoe,
nanging sanes margi teu soedi,
aki gantjang tarima,
sarta ngoetjap soekoer,
djadi loeloes salamina,
bĕrkah, pasrah disarĕngan bĕrsih ati,
djadi silih hampoera.

4. Sanggeus toetoeg Ningroem soeka ati,
bari maos: „Alahhamdoelillah."
toeloej Nji Koentjen dileler,
artos perak saratoes,
djeung ngalahir: „Tarima teuing,
malah-mandar mangparat,
elmoena katoengkoes,
koela bisa ngalakonan,
sasat elmoe pasihan goeroe sawargi",
Nji Ningroem amit moelang.

5. Kĕbat bae Njai Ningroem moelih,
pamaksoedna ngadeuheus ka rama,
harita rama kasondong,
keur tjalik sarĕng iboe,
pok oendjoekan ti awit ngimpi,
tĕpang sarĕng goeroena,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

anoe ĕnggeus poepoes.
doegi ka toetoegna pisan.
sakĕtjap ge omong nini djoeroe koentji,
teu aja noe kaliwat.

6. Rama-iboe sami soeka gaiih,
ladjéng bae pada maos do'a,
hadiah tahlil djeung tasbeh,
noehoen ka Maha Agoeng,
reh poetrana ditakdir hasil,
meunang elmoe lakian,
eta noe dimaksoed,
moega² satĕroesna,
hasil maksoed saĕnggoning laki-rabi,
kapanggih mangpa'atna.

7. Sanggeus kitoe soedagar milahir,
ka poetrana bari dioesapan,
sarta ngaleler panganggo:
„Eh anak ama Ningroem,
reh ajeuna elmoe geus hasil,
ama tarima hoetang,
moega² kabooh,
los ajeuna geura moelang,
masing soehoed ibadah, moedji, ngabakti,
néda ka Noe Kawasa.

8. Dido'akeun masing geura hasil,
dipasihan djodo noe oetama,
noe tjotjog djeung karép maneh,"
Nji Ningroem toeloej moendoer,
barang ĕnggeus soemping ka boemi,
salat doea raka'at,
noehoen ka Noe Agoeng,
mitoehoe woelang ramana,
toenda heula lalakon Ningroem ngabakti,
kotjapkeun Abdoelkomar.

9. Waktoe eta tambah mindéng kawin,
hĕnteu kaop aja anoe léndjang,
moen poeroen diselir bae,
tapi oekoer saminggoe,
énggeus bosĕn dipitjeun deui,
diganti koe noe anjar,
teu kaop teu soeroep,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

pirang[2] popotongan.
henteu pilih deungeun atanapi wargi,
ramana banget soesah.

10. Henteu lebet nasehat pepeling,
toeroeg[2] kana pagawean,
henteu pati soson[2],
tara noeroet piwoeroek,
lain tjara noengtik noe geulis,
neangan anoe lendjang.
ngoeroep istri aloes.
soregép kabina-bina,
tina kitoe Hadji Irsad ewéd galih,
beak akal tarekah.

11. Katjarita dina mangsa hidji,
Abdoelkomar eukeur djalan[2],
ningali istri keur ngalong,
nja eta Siti Ningroem,
poetra istri Seh Aboekasim,
soedagar toengtoeng kota,
noe geulisna poendjoel,
barangna breh katingalan,
tjahja mantjoer pameunteuna gilap koening,
tinapoeh boedi-sémoena.

12. Abdoelkomar sakalangkoeng brangti,
toeloej bae ngoetoes panakawan,
nanjaan soeganna daek,
baris ditikah isoek,
ki Soedagar ngawalon aris,
ngawalon ka oetoesan:
„Katjida nja noehoen,
tapi pamenta kaoela,
Abdoelkomar moega oelah goegoep teuing,
koela rek rerempoegan.

13. Reh roemasa koela asal tadi,
anoe matak sakieu kaboga,
kang Hadji Irsad noe mere,
modal asalna ratoes,
lila[2] reboean ringgit,
harta, koela, Doelkomar,
pérsasat noe gadoeh,
kabeh noe kang Hadji Irsad,
kaoela mah henteu rek ngaleuleuwihi,
nawa karép sorangan.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

14. Hënteu hade lamoen koerang titi,
moenggoeh djalma ngarah kaoetaman,
hadena koedoe pareie,
sing hade oendak-oesoek,
salamëtna anoe dipambrih,
agoeng bërkahna sëpah,
djaoeh ti sisikoe,
sabab moenggoeh sëpah tea,
lamoen njapa, awal-ahir tangtoe djadi,
ka anak noe mërkela.

15. Komo ieu tambah[2] wadjib,
sabab asal lantaran poetrana,
bënërna Abdoelkomar teh,
patoet moendoet piloentoer,
babakoena njoehoenkeun widi,
nëda ditangtajoengan,
ari koela nanggoeng,
moal djadi kagagalan,
pamentana Doelkomar tangtoe ngadjadi,
asal rama ngidinan."

16. Panakawan ladjoe wangsoel gasik,
pok hatoeran ka Ki Abdoelkomar,
patitis sarta përlente,
taja anoe kalaroeng,
kasaoeran Seh Aboekasim,
Doelkomar soeka manah,
njaoer djëro kalboe:
„Naha eta ki Soedagar,
aloes tëmën pikirna reudjeung pamilih,
magatroe asak sasar."

MAGATROE.

1. Katjatoerkeun ki Soedagar isoek[2],
poekoel dalapan geus indit,
ka Hadji Irsad ngadjoegdjoeg,
mënëran Hadji keur tjalik,
djeung Abdoelkomar kasondong.

2. Barang djol ge Hadji Irsad ladjëng njaoer:
„Bagea adi 'Boekasim,
mana datang isoek[2],
bangoen anoe përloe teuing,
naha aja gawe naon?"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

3. Aboekasim ka Hadji Irsad ngawangsoel:
„Soemoehoen poerwana abdi,
awon hĕnteu kapioendjoek,
wirehing dintĕn kamari,
gandek poetra geus njarios.

4. Kĕrsa poetra moendoet poen anak Nji Ningroem,
saoerna baris dikawin,
nja dintĕn ieu pisan noen,
doepi didjawab koe abdi,
ĕngke, njoehoenkeun sarantos.

5. Rehna abdi wantoen kana koemapoeroen,
marga koe emoetan abdi,
goenggoengan diri sakoedjoer,
ambĕkanana sadami,
lĕbĕt kana paripaos.

6. Abdi tea amoeng dĕrĕma ngagadoeh,
banda sasampeuran jakin,
kakang noe kagoengan estoe,
mĕnggah tina ieu abdi,
dawoeh kakang noe diantos.

7. Babakoena naha sakintĕnna roedjoek,
kagoengan minantoe laip,
keur bodo teh kirang patoet,
teu lajak, pangemoet abdi,
estoe matak tampi-raos.

8. Madak roedjoek, dintĕn mana noe ditangtoe,
oepami sakintĕn widi,
mĕnggah abdi bade toemoet,
soepados njoehoenkeun pasti,
endjing tanapi pageto?"

9. Hadji Irsad sangĕt hemĕng dina kalboe,
ningali Seh Aboekasim:
„Ngomongna djeung pasang sĕmoe,
toer ati boedi bĕrĕsih,
halna manehna geus njaho.

10. Ĕnggeus mashoer ieu anak aing latjoer,
tatapi Seh Aboekasim,
kawas hĕnteu ngandoeng sĕmoe,
pasrahna tĕroes djeung ati,
ajeuna erek disĕlok.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

11. Naha ènja omongna teroes djeung kalboe,
lamoen aja omong salin.
njata Aboekasim palsoe.
tapi lamoen bersih ati.
pangdjawabna moal kagok.

12. Hadji Irsad harita ladjengna njaoer.
ngawalon ka Aboekasim:
„Ih adi, geus pasrah kitoe?
ongkoh anak ngan sahidji.
moen dibikeun tangtoe poos.

13. Moal djadi samboeng leungeun-samboeng soekoe,
ongkoh anak kakang geuning.
bodjoanana teu matoeh.
nadjan awet lahir-batin.
doeriat nepi ka kolot.

14. Moal matak senang ka bapa-ka indoeng,
tangtoe djadi roedet pikir.
ka oerang mo' daek noeloeng.
tangtoe koe awak kaharti.
anak didjieun pangmongmong.

15. Boedak bageur bedjana eta Nji Ningroem,
sing meunang noe bageur deui.
djalma noe toenggal sakoepoe.
oelah pisan rek hawatir.
risi koe ieu Si Otong.

16. Sabab aja noe kawasa njekel hoekoem,
oepama baring-soepagi.
aja niatna moeroegoel.
poelisi noe boga wadjib.
ngaringkoes djeung ngaborogod."

17. Pok hatoeran Aboekasim bari toengkoel:
„Moegi agoeng sih aksami,
saketi abdi noenoehoen,
moegi dipasihan widi.
abdi sanget nja hawatos.

18. Reh'ing abdi kamari njanggèman sanggoep,
kakang moal henteu widi.
waktos kamari mananggoeng.
kantoen' hènteu widi.
abdi kenging nami bohong.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

19. Saoer kakang sangét kapoesti kasoehoen,
tina koe asa kagaiih.
disangga sapoetjoek ramboet,
pangasih kakang ka abdi,
moegi oelah henteu tjios.

20. Abdi soempah moal soebaha kadoehoeng,
pértjantén ka titis-toetis.
lara, bagdja sareng oentoeng,
miwah pati rawoeh hoerip,
doeriat sareng djodjodo."

21. Hadji Irsad njaoer sadjéroning kalboe:
„Sarehna ki Aboekasim,
boedi téroes djeung pioendjoek,
tatapi sakali deui,
koe aing arek disélok.

22. Saperkara koe kami anoe dimaksoed,
hajang njaho Aboekasim,
djalma dipandjingan elmoe,
djeung ahli tekad béresih,
atawa djalma sabongbrong.

23. Sabab lamoen eta djalma ahli elmoe,
djeung ahli tekad béresih,
tangtoe noeroen ka Nji Ningroem,
hade tekad, bersih ati,
koe batoer moal kapojok.

24. Kadoeana lamoen énja ahli elmoe,
soegan lantaran ka kami,
pigeusaneun anak moeloes,
hade lampah, bérsih pikir,
noeroet ka taberat bodjo."

25. Énggeus kitoe Hadji Irsad ladjéng njaoer,
nja eta ka Aboekasim:
„Koemaha awak geus maphoem,
tjiri djalma hidji?,
noe watek sae djeung awon?"

POETJOENG.

1. Aboekasim ladjeng ngawalonan saoer.
sémoe teu mikiran,
satjéplakna tina hate.
„Tjiri djalma anoe sae opat roepa.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

2. Pintèr, singer, tjageur, bageur tjiri aloes,
hartos pinter tea,
babakoe oeteukna entjer,
sagala hal gampil pisan kahartosna.

3. Kitoe deui, tata-titi, tindak-tandoek,
doedoega pèrjoga,
tata tingkah djeung pasèmon,
oetjap, kètjap, lakoe-lampah, teu katjawad.

4. Doepi singer, hampang birit tara moemoel,
teu aja kasoengkan,
kana damèl rikat sae,
mènggah tjageur, hartosna tara oedoeran.

5. Hamo oedoer margi mètakeun panèmoe,
ngelmoe saréng prakna,
awon pahing, sae anggo,
barang toeang oge tara sambarangan.

6. Kètjap bageur, hartosna toemoet piwoeroek,
sabar toer tawèkal,
tara ngarinah, ngabohong,
tèmèn wèkèl kana lampah kasaean.

7. Tjiri awon, opat koneh kaoelanoen,
eta sawangsoelna,
bodo, bojot, gèring goreng,
doepi bodo, saniskanten teu kapaham.

8. Bojot tea, liat birit sareng moemoel,
kana padamèlan,
leleda sareng talangke,
ari radjeun, koedoe bae hoemandeuar.

9. Basa gèring, hate soesah djeung ngoeloewoet,
awak ngarakatjak,
nèda tjèmi, kirang sare,
kètjap goreng, salakoe-lampahna sasar.

10. Djalma bodo-bojot-gèring-goreng tangtoe,
djalan-djalan bahla,
dagang, tani bodjod bae,
djadi pangkat teu kaoer balas dièpas.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

11. Moeng sakitoe paméndak abdi noe timoe,
oenggal djam teu lépat,
hantem dilenjépan bae.
anoe mawi ti kapoengkoer aja hibar.

12. Salamina énggon-énggon dagang oentoeng,
taja sadjawina.
ti njingkahan lampah awon.
noe dilarang koe agama djeung drigama."

13. Hadji Irsad mesém barina toemoengkoel,
njaoer dina manah:
„Aboekasim djalma soleh.
estoe énja hade téroes djeung hatena."

14. Abdoelkomar obah sila bari toengkoel,
raos disindiran.
aja manah arek kapok.
baris noenda lakoe anoe awon tea.

15. Hadji Irsad harita ladjéng ngalawoeh,
ka ki warang bakal.
„Lamoen kitoe hade bae.
Abdoelkomar minggoe hareup koedoe nikah.

16. Moega djadi lantaran moeloes-rahajoe,
sing saleh hatena.
djeung Nji Ningroem tépoeng djodo,
pada meunang rahmat ti Allah ta'ala."

17. Ladjéng moendjoeng Aboekasim bari matoer:
„Sakalintang bingah.
néda djiad kakang bae,
moegi-moegi kapalaj masing laksana.

18. Toeang-poetra djadi panoetan Nji Ningroem,
doegi ka djoetjoengna,
manahna salin toer saleh."
sanggeus toetoeg Aboekasim amit moelang.

19. Enggal bae ti harita geus saminggoe,
goejoer sanagra,
djalma ka wetan-ka koelon,
geus tarapti Hadji Irsad baris pesta.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

20. Gantjang boekti da poegoeh sagala tjoekoep,
teu aja kakoerang,
Abdoelkomar rek panganten,
ka Nji Ningroem kalawan roedjoek sepoehna.

21. Boedjeng bae geus beres nikahna Abdoel,
katjida boengahna,
sarèng garwana ngarendeng,
dina korsi sabab rek disawer heula.

22. Hadji Irsad ka Aboekasim pok njaoer:
„Eh, ajeuna warang,
panganten geura pèk sawer,
sakalian kakang sèdja wakil moetlak."

23. Ladjèng nangtoeng Aboekasim oendjoek hatoer:
„Dawoehan soemangga."
Enggal majoen ka panganten,
djèmpling-repeh teu aja anoe njoara.

SINOM.

1. „Sèkar sinom biantara,
noe djadi sésemben resmi,
medal tina kabingahan,
noe samar geusan tinanding,
menggah raosna ati,
lir kagoentoeran mamadoe,
reh sami ridò manah,
para kadang-koelawargi,
pradjoeragan sèpoeh-anom loentoer kersa.

2. Kasoehoen kalinggamoerda,
tawis mitjinta-miasih,
kersa soemping ngaloeoehan,
kana ieu pesta kawin,
teu pandjang hatoer deui,
geus kantènan sami maphoem,
da kawakilan moetlak,
sanes kirang hoermat-ta'dim,
tah, sakieu boektina kadar Pangeran.

3. Sarèng agoeng pangaksama,
teu djadi barendoe galih,
bade njèlapkeun papatah,
malar kapieling-eling,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

neda berkahna deui,
ti sadaja noe kasoehoen,
ka anak doeanana.
renna nëmbean pinanggih,
dinten ieu parëng kadjodokeunana.

4. Doeh oedjang ki Abdoelkomar,
reudjeung Siti Ningroem njai,
rëgepkeun ieu piwoelang,
tjangreud dina djëro ati,
koe ama teu dipilih,
doeanana oge përloe,
njai sarawoeh oedjang,
ama noe kagoengan wadjib,
pikeun moeroek kana lampah noe oetama.

5. Seg ajeuna koe doeaan,
lënjepan masing kaharti,
mana djalan noe oetama,
lampahkeun sing ati-ati,
djëlema teu oetami,
koedoe singkahan sing djaoeh,
tapi ieu piwoelang,
pondokna bae dipëtik,
ënja eta sangkan gampang kahartina.

6. Sareh maraneh ajeuna,
dikadar koe Maha Soetji,
lahirna koe karsa ama,
reudjeung doe'a para wargi,
diparëng laki-rabi,
djodjodon tinëmoe patoet,
tëpoeng sasat ka warga,
ama banget boengah ati,
soeka-soekoer ka Allah noe sipat rahman.

7. Oepama ieu piwoelang,
koe Oedjang reudjeung koe Njai,
diestokeun ënja-ënja,
insja-Allah lahir-batin,
djaoeh tina balai,
rahajoe saliring lakoe,
moenggoeh wintjikanana,
pilampaheun noe oetami,
tah, disëboet koe ama ieu di handap.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

8. Noméer hidji babakoena.
lampah anoe laki-rabi,
perloe koedoe sataberat.
roentoet-raoet djadi hidji.
tĕgés roentoet teh rapih.
rara djeung bagdja saloeloet.
oelah soelaja lampah.
réboet-oenggoel, adoe moekti.
koedoe noeroet woeroek sĕpoeh noe baheula.

9. Lantaran rapih teh opat,
hidji, pada bogoh sami.
doea silih pikaroenja,
tiloe silih bela-pati,
djeung kaopatna deui,
pada narimakeun oentoeng.
eta lampah noe opat.
panjangtjang doeriat pasti.
lambat-lamboet djodjodon pada manisma.

DANGDANGGOELA.

1. Noméer doea moenggoeh lakoe istri,
ka tjaroge koedoe bangĕt hormat,
oelah tjolontrong-tjolonos,
koedoe sing lĕmah-lemboet,
tata-basa djeung boedi manis,
djeung naon parentahna,
salaki noe patoet.
oelah pisan rek dipoengpang.
sakoeatna lampahkeun sing ati[2],
sangkan tjarage soeka.

2. Sabalikna salaki teh misti,
ngoepamakeun sakadar pantĕsna,
garwa oelah didjodjore,
matak dioenghak batoer,
tĕmah hĕnteu aja pangadji,
djeung naon pirĕmpoegna,
garwa teh noe patoet,
toeroetkeun djeung sapantĕsna,
oelah mikir doemeh lalaki teu misti,
mitoeroet karĕp garwa.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

3. Eta pikir anoe kitoe pasti,
bakal noengtoen kana pasalia,
témahna djadi tjérewed,
réboetan silih toendjoek,
anoe matak pérloe dipilih,
nadjan pirémpoeg garwa,
moen patoet ditoeroet,
nja hade pisan pilampah,
ngan kadjaba noe matak mala ka diri,
eta koedoe dipoengpang.

4. Tapi koedoe dadarkeun sing titi,
sangkan ngarti sababna dipoengpang,
soepaja oelah tjérewed,
démi lampah katiloe,
Njai poma sing eling²,
oelah sok timboeroean,
matak poegag lakoe,
salaki teu meunang liar,
ngala kaja ngoepaja njiar rédjéki,
témah kérép pasea.

5. Soemawonna moen salaki Njai,
tjékél gawe ngolahkeun nagara,
eta mah wadjib didjorog,
tégésna didjoedjoeroeng,
sangkan oelah ninggalkeun wadjib,
karana lamoen tinggal,
pinasti dihoekoem,
gorengna dilépas pisan,
rara-wirang kapanggih koe awak Njai,
djalan sok timboeroean.

6. Oedjang oge poma masing eling,
oelah boga lampah timboeroean,
tapi djaga masing hade,
sangkan oelah milakoe,
lampah anoe hénteu pérjogi,
sapérti leuleumpangan,
ka noe rada djaoeh,
sorangan taja batoerna,
nadjan beurang, soemawonna moen ti peuting,
eta wadjib didjaga.

7. Énja eta koedoe djeung pangiring,
sarta koedoe reudjeung mawa damar,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

teu meunang leumpang mopoëk,
sanadjan rea batoer,
koedoe bae sing ati[2],
hargakeun sapantĕsna,
soepaja disĕboet,
djatnika taja koetjiwa,
pambrih leungit ati ringrang, inggis, risi,
kasmaran timboel njaah.

ASMARANDANA.

1. Noměr opat eling[2],
maneh Ningroem anak ama,
oelah pisan sok milakon,
pĕpĕrĕdih barang penta,
kira salaki soesah,
menta barang noe teu patoet,
sapĕrti noe mahal-mahal.

2. Noe katimbang koe salaki,
moal koeat meuli eta,
koe sabab harĕga gĕde,
atawa langka ajana,
diajana ge anggang,
koedoe njiar ka noe djaoeh,
reudjeung make ongkos loba.

3. Tapi oedjang koedoe milih,
saoepama pamadjikan,
mĕrĕdih noe enteng-enteng,
atawa barang noe moerah,
noe kira baris koeat,
nja hade koedoe ditoeroet,
sakadar reudjeung pantĕsna.

4. Sarta kalimana deui,
saoepama pamadjikan,
parĕng[2] hidji poë,
aja kaloepoetanana,
milakoe anoe salah,
noe pantĕs pikeun dima'loem,
eta koedoe dihampoera.

5. Njai ge nja kitoe deui,
oepama salaki salah,
njorang loepoet salah gawe,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

nja koedoe gĕde hampoera,
oelah sŏk kĕkĕrengan,
pasea paharoes-haroes,
katangar koe anoe lian.

6. Babakoena lamoen manggih,
lakoe noe matak amarah,
sing daek ngelehan maneh,
sabarkeun salasa oerang,
oelah patjental-tjental,
nja eta soepaja loeloes,
pada roentoet-rapih tea.

7. Tapi noe leuwih oetami,
saoepama aja lampah,
noe kira matak tjerewed,
atawa matak pasea,
pĕrloe salasa oerang,
gantjang njingkah pindah dioek,
ngantian leumpeuh amarah.

KINANTI.

1. Nomĕr gĕnĕp noe disĕboet,
kawadjibanana istri,
nja eta ngoeroes di imah,
beberes djeung bĕbĕrĕsih,
nata roepa-roepa barang,
sakabehna eusi boemi.

2. Pĕrĕnahna dipapatoet,
mana noe pantĕs di sisi,
sarta noe pantĕs di tĕngah,
ditata oelah pahili,
soepaja aloes patoetna,
katendjo beres, bĕrĕsih.

3. Tapi lain woengkoel ngoeroes,
noe aja di djĕro boemi,
nadjan di loeareun imah,
mana noe pantĕs koe istri,
miloe ngoeroes mĕta-mĕta,
kilangbara prak pribadi.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

4. Saboetoehna miloe ngatoer.
mélak kĕmbang noe sareungit,
dina djĕro kĕkĕbonan,
djeung boeah² noe amis,
sarta noe aja goenana.
pantés dipĕlak di pipir.

5. Soemawonna miloe ngoeroes,
kamoekten bangsa rĕdjĕki,
njiar sandang reudjeung pangan,
ngadeudeul-deudeul salaki,
eta mah pĕrĕloe pisan,
istri koedoe miloe mikir.

6. Ari noměr noe katoedjoeh,
pĕrloena noe laki-rabi,
koedoe hade djeung tatangga,
rikrik seutil koe rĕdjĕki,
soepaja silih toeloengan,
waktoe kasoesahan ati.

7. Lamoen njai parĕng noedjoe,
kasemahan para wargi,
eta koedoe gantjang-gantjang,
panggihan djeung bear boedi,
tanda boengah kaandjangan,
sangkan semah ngeunah ati.

8. Oelah mĕsoem goreng sĕmoe,
djiga noe teu soeka ati,
kadatangan kadang-warga,
matak djadi kĕmbang biwir,
popojokan semah ngandjang,
disĕboet bĕdégong, dégig.

9. Piwoeroek ama sakitoe,
maneh sing areling-eling,
toeroetkeun oelah dipoengpang,
soepaja salamĕt diri,
ti doenja rawoeh alherat,
oelah manggih sanggaroenggi".

10. Tamat mariĕm djoemĕgoer,
tatabeuhan kabeh moeni,
panganten sami moendjoengan,
ladjĕng lĕbĕt ka djro boemi,
gĕr pesta rame katjida,
toedjoeh poë-toedjoeh peuting.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

SINOM.

1. Henteu pandjang ditjarita,
pesta ti beurang-ti peuting,
rada koerang paedahna,
woewoeh matak rea toelis,
diboeroe anoe hasil,
dibantoen anoe përoeloe,
tjarita lalakonna,
Abdoelkomar sanggeus kawin,
djeung Nji Ningroem estoening sami asihna.

2. Estoe taja koetjiwana,
asihna pamëget-istri,
sami silih mongmong karsa,
estoening djadi sahidji,
Nji Ningroem komo deui,
nëtëpan piwoeroek goeroe,
ngalampahkeun elmoena,
bangët bageur ka salaki,
tina sabab kitoe eta Abdoelkomar.

3. Ka garwana woewoeh njaah,
adat roetjah djadi leungit,
tjëpët kana padamelan,
sëring dianggo wawakil,
ngaronda ka noe tebih,
ngantorna ge oenggal isoek,
marios padamelan,
Hadji Irsad sënang galih,
reh ningali poetrana sae lampahna.

4. Malikan deui tjarita,
soepaja djadi patitis,
ambeh poegoeh kahartosna,
koe noe ngaos, koe noe ngoeping,
kotjap Doelkomar tadi,
samemeh nikah ka Ningroem,
boga istri boenian,
tiloe kabeh beunang njëlir,
bangsa istri anoe sarasab lampahna.

5. Sanggeus sëlirna tarérang,
jen Doelkomar woewoeh asih,
ka garwana anoe anjar,
kabeh pada sirik ati,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

pada sieun kasisih,
gantjangna istri noe tiloe,
baréng pada ihtiar,
goegoeroe ka ahli sihir,
menta djampe asihan djeung pitjeutjeuban.

6. Soepaja ki Abdoelkomar,
ka manehna asih deui,
tjeutjeub ka garwa noe anjar,
sakitoe anoe dipambrih;
tjotjobaning Jang Widi,
panéda sĕlir didjoedjoer,
toemérap ka Doelkamar,
soemeredet dina galih,
bangĕt ngangrĕs sono ka istri boenian.

7. Manah Doelkamar teu tahan,
ka sĕlir pikirna meulit.
Siti Ningroem katingalna,
ngadjĕdig siga bebĕgig,
seurina matak idjid,
tingkahna moetoeh teu loetjoe,
roesras ka noe tiloean,
sĕblak manah djeung ngagidir,
teu pamitan leos neang noe tilioean.

8. Moetĕr kilir tiloe tĕmpat,
ka Nji Ningroem mah teu eling,
geus pirang[2] lawasna,
teu ara pisan dikilir,
kana damĕlna mangkir,
geus lami teu ngoeroes boekoe,
Nji Ningroem katjarita,
ngalahir djĕroning ati,
adoeh ieu, aing teh njandang tjotjoba.

9. Hidji, njoba kasabaran,
koedoe pasrah kana takdir,
kadoeana koedoe bisa,
noetoep tjatjadna salaki,
kabeh tjatjad salaki,
wadjib ditoetoep, dirimboen
ajeuna Abdoelkomar,
keur ditakdir bingoeng pikir,
deudeuh teuing, moen kadangoe koe ramana.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

10. Nji Ningroem neangan akal,
soepaja oelah katjiri,
jen tjarogena teu aja,
pek masangkeun medja toelis,
reudjeung sadia deui,
samping, badjoe, ikĕt, saboek,
lĕngkĕp sapanganggona,
djeung dibanding kĕrtas mangsi,
digĕlarkeun dina kamar panjĕratan.

11. Keur kitoe datang oetoesan,
panjaoer soedagar Hadji,
Nji Ningroem gantjang ngadjawab:
„Bieu di dinja keur noelis,
moendoet panganggo bĕrsih,
saoerna mah erek madjoe,
tah geuning panganggona,
taksiran angkat ka tjai,
kĕrsa siram, rek ngantor, tjaritana mah."

12. Barang oetoesan geus moelang,
Nji Niroem miwarang istri,
oendjoekan ka tjarogena,
sakadar hatoer tingali,
disaoer koe Pa Hadji,
pĕrloena ngadjak barĕmpoeg,
sarta geus diwalonan,
jen akang noedjoe di tjai,
kĕrsa siram, rek angkat ka padamĕlan.

13. Kitoe bae salawasna,
tapina soedagar Hadji,
pikirna hĕnteu pĕrtjaja,
toeloej ngoetoes hidji abdi,
koedoe ngintip ngalingling,
Doelkomar tjaroge Ningroem,
koema' noe saběnĕrna,
lakoe-lampah anak kami,
sabab kami bangĕt koe hĕnteu pĕrtjaja.

14. Naha bĕnĕr pang ajana,
atawana hĕnteu sidik,
geus mangkat noe dipiwarang,
hidji djalma noe pĕrjogi,
ka tĕmpat tiloe istri,
oetoesan meunang pitoedoeh,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Doelkamar geus kapëndak,
noedjoe babarëngan tjalik,
barang reret, Doelkamar ka djëro ngëdjat.

15. Oetoesan pek ngadeukeutan,
bari tataros ka istri,
koemaha kiliranana,
istrina ngawalon gasik:
„Woengkoel bae di koering,
tara kilir ka Nji Ningroem,
geus pirang-pirang lawas,
malah ka noe doea deui,
sami bae tara pisan dikiliran."

16. Oetoesan narosna mapaj,
ka imahna sëlir-sëlir,
kabeh saroea djawabna,
hajang katangar diasih,
oetoesan gantjang balik,
sadatangna pok pihatoer,
teu aja noe kaliwat,
sakoemaha noe kapanggih,
Hadji Irsad bëndoe koementah manahna.

DOERMA.

1. Toeloej bae harita ge miwarangan,
gandek njaoer djroetoelis,
anoe kapërtjaja,
kolot loba loeangna,
geus tëpoeng djeung djoeroetoelis,
gandek hatoeran:
„Disaoer koe Mas Hadji."

2. Toeloej indit djoeroetoelis roeroesoehan,
geus marëk ka ki Hadji,
Hadji njaoer këras:
„Nja gagal anak oerang,
djadi teu salah sahidji,
pada paloengna,
djeung anak Aboekasim!"

3. Djoeroetoelis kaget barina hatoeran:
„Ëngke, djoeragan Hadji,
koemaha margina,
abdi teu atjan tërang,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

pĕrdjalanan poetra tadi,
sarĕng garwana."
Hadji toeloej ngalahir:

4. „Anak kami datang adatna katoekang,
roetjah sarta mĕlĕntjing,
ongkoh lawas pisan,
tara ka pagawean,
gawena beurang djeung peuting,
ngilir sĕliran,
poho ka anak-rabi.

5. Tatapina koe Nji Ningroem dikiloengan,
bangĕt dipinding-pinding,
soemawon oendjoekan,
jen kitoe loemampahna,
anggoer seg diboeni-boeni,
pagar keur siram,
kami bangĕt teu soedi.

6. Bĕnĕrna mah Nji Ningroem geuwat bebedja,
oelah diboeni-boeni,
lampah salakina,
soepaja kaoeninga,
kami bangĕt hĕnteu soedi,
ka doeanana,
taja salah sahidji!"

7. Djoeroetoelis toeloej pok njoendoel dawoehan:
„Koemawantoen sim koering,
njĕmbahkeun doedoeka,
reh abdi koemalantjang,
jaktosna mantoe sadjati,
istri sampoerna,
tjĕkap tĕmah-wawadi.

8. Anoe kitoe istri kaetang oetama,
tina saratoes hidji,
moeng mantoe gamparan,
nomĕr hidjina sabar,
kadoeana pasrah ati,
noe katiloena,
noetoep tjatjad salaki.

9. Sarĕng noetoep kalingsĕman mĕrĕtoea,
marga gamparan pasti,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

koe tjatjadna poetra,
tinangtos kalingsĕman,
koe mantoe dipinding-pinding,
oelah katara,
sakitoe noe dipambrih."

10. Djadi lĕmpĕr harita ge Hadji Irsad,
ladjĕngna njaoer rintih:
„Koemaha pĕtana,
sing bageur Abdoelkomar?"
Djoeroetoelis walon ta'dim:
„Pikir abdi mah,
poetra teh noe sajakti.

11. Moal lĕpat keuna koe djampe wisaja,
nja eta elmoe sihir,
doepi keur landongna,
pitoeah ti poen bapa,
estoe hĕnteu aja deui,
ngan kĕdah meuntas,
ngoembara masing tĕbih.

12. Amĕng-amĕng ngadjadjah ka noesa-noesa,
ningali nagri-nagri,
timbalan iskola,
njiar tjonto toeladan,
noe sae di sanes nagri,
sing jasa noelad,
moen ĕngke parĕng moelih.

13. Da geus tangtos moen dipandjangkeun joeswana,
meureun diseleh waris,
ngadjalankeun oeang,
moen paham adat-adat,
djalma di sanes nagari,
lampahing dagang,
wande pinanggih moekti.

14. Adat goreng sok salim adat sampoerna,
kitoe paméndak abdi,
noe baris njarĕngan,
abdi ge teu pambĕngan,
lamoen ĕngke gagal deui,
dalah koemaha,
ihtiar eta wadjib."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

15. Hadji Irsad soeka boengah, pok nimbalan:
„Teu borong djoeroetoelis,
kakang sëdja pasrah;
los, atoeh geura dangdan!"
Djoeroetoelis toeloej indit,
sasadiaan,
kotjap ënggeus sajagi.

16. Kapal reudjeung roepa-roepa sasangoean,
soemawonna noe ngiring,
pirang-pirang djalma,
milih anoe pérjoga,
djongos, baboe sarta koki,
koema biasa,
ngiring soedagar soegih.

17. Geus sadia Ki Djoeroetoelis hatoeran,
ngoendjoekkeun geus sajagi,
Ki Hadji nimbalan,
miwarang njaoer poetra,
teu lila Doelkomar soemping,
pok didawoehan:
„Eh oedjang, boeah ati.

18. Reh ngan maneh anoe djadi anak ama,
noe bakal nampa waris,
oelah kadjongdjonan,
pérloe koedoe ihtiar,
neangan elmoe pangarti,
djeung loeang-loeang,
tjonto ti sedjen nagri.

19. Koedoe leumpang, iskola ka nagri lian,
sing njaho nagri-nagri,
ngalap keur toeladan,
babakoe lakoe dagang,
moen agoes geus nampa waris,
teu djadi soesah,
métakeunana doeit.

20. Poë Sënen ieu, oedjang koedoe iang.
ngan opat poë deui,
hëndjig geura dangdan,
mang 'Oelis noe maréngan."
Doelkomar indit teu pamit.
bawaning soengkan,
pikirna asa ngimpi.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

21. Toeloej moelih ka pondokna sĕlir tea,
ka Ningroem mah teu mampir,
djol datang bebedja,
jen geus meunang timbalan,
iskola ka oenggal nagri,
ngadjadjah noesa,
noe tiloe boeah ati.

22. Pada pĕsĕn nĕda dikintoen pakean,
mĕsĕnna warna roepi,
Abdoelkomar boengah,
ladjĕngna ditjatĕtan,
ditoelis dina notisi,
pikeun elingan,
mangke sasoemping-soemping.

23. Kana tĕmpat nagri anoe didatangan,
soepaja oelah lali,
kotjapkeun gantjangna,
nĕpi kana waktoena,
Doelkomar enggeus tarapti,
ladjĕngna angkat,
diaping koe Mas 'Oelis.

24. Dina waktoe Doelkomar di palaboean,
Nji Ningroem meunang warti,
jen tjaroge djĕngkar,
rek ngadjadjah nagara,
toeloej ngoetoes hidji istri,
njanggakeun arta,
reana opat ringgit.

25. Saoer Ningroem: „Sanggakeun ka kang Doelkomar,
oendjoekkeun, aing titip,
oelah hĕnteu meunang,
pangngagaleuhkeun „akal,"
anoe kalintang pĕrjogi,"
oetoesan loempat,
njoesoelkeun eta doeit.

26. Barang tĕpoeng oetoesan djeung Abdoelkomar,
tĕroes njanggakeun doeit,
barina oendjoekan:
„Saoer rai gamparan,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

ieu doeit opat ringgit,
keur meuli „akal."
anoe langkoeng perjogi."

27. Geus ditjandak eta doeit koe Doelkomar,
tatapi teu digalih.
silokana garwa,
sabab manahna bingbang.
kasapoet koe bingoeng pikir,
ka sĕlir beurat.
kotjapkeun geus tarapti.

28. Bongkar djangkar, mĕsinna ĕnggeus dipasang,
kapal madjoena tarik.
di laoet teu kotjap,
kotjapkeun saban handjat.
di oenggal nagara mampir,
moeka tjatĕtan,
pĕsĕnan sĕlir tadi.

29. Pendekna mah hĕnteu aja noe dimanah,
saban manggih nagari,
ngagaleuhan barang,
roepa[2] anggoan,
nja eta pikeun mimingkis,
noe tiloe tea.
ka garwa mah teu eling.

30. Sanggeus toetoeg raosna ki Abdoelkomar,
pĕsĕnan sĕlir hasil,
kĕrsa bade moelang,
djangkarna geus dibongkar,
kapal madjoe leuwih tarik,
nanging kapĕgat.
koe angin moendoer deui.

31. Hĕnteu ladjoe, kapalna malik ka toekang,
wĕleh digalar-gilir,
geus kitoe Doelkomar,
mariksa ka sadaja:
„Koemaha noe geus kapanggih,
loeang ka toekang.
moen kapal poentar-poentir?"

32. Pangiringna noe pangkolotna ngadjawab:
„Mĕnggah adat sasari,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

moen kieu pĕtana,
sok aja noe kaliwat,
pĕsĕnan noe tatjan hasil,"
Abdoel ngamanah,
bari moeka notisi.

33. Diilikan dina sagala tjatĕtan,
sakabeh ge geus hasil,
taja noe kaliwat,
geus kitoe Abdoelkomar,
kĕrsana erek disalin,
njandak raksoekan,
beh, doeit opat ringgit.

34. Nĕmbe eling, jen aja pĕsĕn garwana,
estoe teu atjan hasil,
koedoe meuli „akal",
anoe leuwih pĕrjoga,
koe doeit noe opat ringgit,
toeloej Doelkomar,
miwarang ka moealin.

POETJOENG.

1. Pok miwarang: „Geuwat noeroenkeun parahoe,
oerang handjat heula,
djeung batoer[2] sakabeh,
sabab aja pĕsénan anoe kaliwat.

2. Pamadjikan anoe ngaran Siti Ningroem,
titip meuli „akal",
noe pĕrjoga sarta hade,
atjan meunang, ajeuna oerang neangan."

3. Tjek moealim: „Moal sae koe parahoe,
ieu bae kapal,
parahoe mah moal tereh,
dibiloekkeun," kotjap asoep ka moehara.

4. Abdoelkomar handjat ka nagara asoep,
njandak hidji rentjang,
nanggoeng pajoeng, soetra, loket,
reudjeung doeit reana sareboe pasmat.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

5. Soep ka pasar kana oenggal toko asoep,
rek ngagaleuh „akal",
tatapi taja noe mere,
oenggal djalma njĕboetkeun: „Soedagar edan.

6. Taja „akal" anoe didjoeal di waroeng,
bari teu kalampah,
tatjan manggih saoemoer ge,
ngan silaing, soedagar tangkoelak „akal."

7. Atoeh loepoet sadjĕro nagri teu nimoe,
noe ngadjoeal „akal,"
Abdoelkomar ladjoe bae,
asoep kampoeng doeaan kaloenta-ioenta.

8. Saban manggih djalma teu dipilih patoet,
toeloej dipariksa:
„Soegan boga „akal hade",
rek dibeuli koe koela sareboe pasmat.

9. Ĕnggeus bĕbĕs dina oenggal-oenggal kampoeng,
taja noe kaliwat,
lĕmboer diasoepan kabeh,
hĕnteu meunang, anggoer mah pada njarekan.

10. Abdoelkomar toeloej oenggah kana goenoeng,
kaparĕng keur nandjak,
diboeroe gantjangna bae,
gok patĕpoeng djeung aki[2] saoerang.

11. Nanggoeng soeloeh sarta ditoempangan daoen,
toeloej dipariksa,
sarĕng diadjakan ngaso,
tjek Doelkomar: „Soegan aki boga „akal."

12. Lamoen boga koe koela dibeuli tangtoe,
sareboe wang pasmat,
malah ieu doeitna ge,"
kabĕnĕran ti dinja lantaranana.

13. Pok ngawalon, aki[2] bari imoet:
„Aki boga „akal,"
paranti milih awewe,
anoe sae djeung noe awon itikadna.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

14. Saoepama boga bodjo doea-tiloe.
soemawon moen opat.
mana noe hade noe goreng,
diakalan soepaja oerang oeninga.

15. Mana istri anoe itikadna aloes,
pasrah kana kadar.
narima kana papasten,
ka tjaroge hënteu sédja pangalapan."

16. Abdoelkomar njoesoel pihatoerna sépoeh:
„Koemaha ,akalna,"
geura sok, kaoela nendjo,
rek ditampa koe kaoela diwadahan."

17. Tjeuk ki Sépoeh: „Boga sabaraha agoes,
reana geureuha?"
Abdoelkomar gantjang bae,
ngawalonan: „Pamadjikan koela opat."

18. „Mangga agoes, ari datang koedoe njamoer,
djeung oelah ti beurang,
soemping teh koedoe geus poëk,
sarta salin panganggo noe tatambalan.

19. Pok popojan ka garwa, djeung sémoe mësoem:
„Tiwas di laoetan.
kapal bëdjad, batoer paeh,
barang beak, taja anoe katoeloengan.

20. Malah-malah kami hënteu mikir hiroep,
tjeuk waktoe tadi mah,
ngan paréng hadena bae,
eukeur ngaloen, kapanggih koe kapal lian.

21. Toeloej bae kami teh didjieun matroes,
koe noe boga kapal,
hënteu digadjih sagoweng,
sabab kami didjieun djalma beulian."

22. Mana istri noe daek nampa ka Agoes,
eta noe oetama,
tjiri djalma bërsih hate,
sarta beunang dipigarwa salamina.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

23. Mana anoe teu daek nampa ka Agoes.
oelah dipiara,
tjiri-wantji djalma goreng,
énja eta awewe noe pangarahan.

24. Dibasakeun eta istri anoe kitoe,
daek di hadena.
moal njaah ka tjaroge.
ngan sakadar soeka, doemeh loba oeang.

25. Ari istri noe sadjati lain kitoe,
tjaroge tjilaka,
tarima kana papasten,
lara-bagdja geus kadar awak doeaan.

26. Tah, sakitoe, „akal" kaoela teh, Agoes,
mangga geura tampa,
djeung koe Agoes geura pake."
Abdoelkomar ngalahir: „Koela tarima.

27. Geura tampa ieu doeit teh sareboe!"
ki Sĕpoeh ngadjawab,
bari leungeunna kekepes:
„Teu biasa koela boga doeit loba.

28. Wantoe-wantoe kaoela saoemoer hiroep,
djĕlĕma waloerat,
njatoe ladang soeloeh bae.
hĕnteu wĕrat ngampihan doeit reboean.

29. Inggis teuing koela ditĕrĕka batoer,
disĕboet ngabangsat,
atawa rea noe iren.
pada sirik ka koela hajang maehan.

30. Ajeuna mah koela nĕda anoe patoet,
ka awak kaoela,
doeit opat ringgit bae.
sakitoe mah kaoela wĕrat ngampihan.

31. Tangtoe boeni, moal katara koe batoer,"
ti dinja Doelkomar.
enggal bae moeka loket.
dibidjilkeun doeit opat ringgit tea.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

MIDJIL.

1. Dilelerkeun doeit opat ringgit,
titipan bareto,
aki-aki gantjang nampa bae,
hatoer noehoen, djeung soeka ati,
toeloej pada pamit,
sami² moendoer.

2. Katjarita Doelkomar geus soemping,
ka kapal geus andjog,
matros² saradia kabeh,
tarik djangkar geus moetĕr mĕsin,
tĕroes lajar tarik,
loemampahna ladjoe.

3. Hĕnteu aja lampah tjara tadi,
kapal loea-leo,
ajeuna mah djalan tĕroes bae,
kana oenggal poelo teu mampir,
da kabeh lastari,
hĕnteu aja pĕrloe.

4. Hĕnteu kotjap lilana di tjai,
kotjapna bae djol,
pada soemping ka nagarana teh,
pek balaboeh waktoe keur lingsir,
barangna reup peuting,
pek Doelkomar loengsoer.

5. Kĕrsa moelih ka nagri ti peuting,
djeung njalin panganggo,
sing sĕrĕwa tatambalan bae,
hĕnteu njandak rentjang sahidji,
soempingna mimiti,
ka sĕlir noe tiloe.

6. Pangheulana ka noe nomĕr hidji,
ngĕtok² panto,
pok mariksa eta awewe teh:
„Saha eta, anoe di pipir?"
Doelkomar ngalahir,
ngawalonan saoer.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

7. „Abdoelkomar nja salaki Njai,
geuwat boeka panto!
djadi hina ajeuna kami teh,
toeroeg[2] ama teh deui,
katjida ka kami,
datang ka teu ngakoe.

8. Ari pokna ama teh ka kami:
„Haling, sia mantog!
keur ngaroeksak, ngawiwirang kolot!"
barang panto moeka, gok panggih,
istrina ningali,
barina djamědoed.

9. Ladjěng bae Komar njaoer deui,
Djeung njoesoetan panon:
„Adoeh, Njai, oelah leutik hate,
rehna kakang datang geus laip,
djeung teu mawa ridjki,
ngan badan sakoedjoer.

10. Ajeuna teh kakang hajang salin,
ngaganti panganggo,
geura tendjo ieu, roebat-rabet!"
Awewe teh ngawalon běngis,
sarta goreng boedi,
pokna:„ Noeroestoendjoeng!

11. Da kami mah teu boga salaki,
kawas anoe gelo.
hajoh njingkah, tong ka dieu maneh!"
Abdoelkomar djoeng indit deui,
ka noe hidji deui,
djeung ka noe katiloe.

12. Kitoe bae pangwalonan sami,
njěboet:„ Soegan gelo,
moen ěnja ge salaki kami teh,
barang kirim, lain bét roedin,
ěboeng, hajoh indit,
teu hajang, teu boetoeh.

13. Bogoh soteh, lamoen loba doeit,
tjara keur bareto,
eukeur kasep pinoeh koe kamoekten,
ajeuna mah teu soedi njigtjrig,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

ka djalma geus roedin.
talak kami, tiloe!

14. Anggoer kami rek neangan deui,
noe beunghar noe tjotjog,
da kami teh masih pajoe keneh.
hajoh, njingkir ka ditoe, roedin!"
Abdoelkomar indit,
njaoer djĕro kalboe:

15. „Ah, tetela, geuning kabeh iblis,
bĕt kakara njaho.
mana horeng goreng hate kabeh,
bongan aing, noe tjoepĕt pikir,
noe kitoe dikawin.
kabongroj koe ajoe.

16. Tjing ajeuna rek njoba Nji Siti,
naha djalma serong,
atawana naha bĕrsih hate?"
Ladjeng bae didjoegdjoeg gasik,
teu lila geus soemping,
Doelkomar tjoemĕloek.

17. Barang Njai Siti Ningroem ngoeping,
andjeunna teu poho,
geus tetela jen gĕntra tjaroge,
enggal nondjol ti tĕngah boemi,
barangna ningali,
sidik Komar-Abdoel.

18. Heg dirangkoel barina djeung nangis:
„Ĕngkang teh koe naon,
anoe mawi doegi ka kieu teh?"
Abdoelkomar ngawalon gasik,
sapĕreti tadi,
tjek aki di goenoeng.

19. Siti Ningroem bangĕt ngangrĕs galih,
los njandak panganggo,
tjarogena dipisalin bae,
bari hĕnteu pĕgat djeung nangis:
„Doeh, panoetan abdi,
kasmaran saoemoer.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

ASMARANDANA.

1. Langkoeng soeka-doeka abdi,
doepi anoe djadi doeka,
ĕngkang bĕt nandang prihatos,
pohara tampa tandingna,
kalĕboeh di laoetan,
toeroeg-toeroeg ama-iboe,
teu bisa ngangkĕn ka ĕngkang.

2. Anoe djadi bingah ati,
ĕngkang aja noe noeloengan,
koe oerang kapal noe sanes,
kantĕnan meureun ĕngkang mah,
bingah margi nandangan,
tjatjakan abdi ge estoe,
reboe-laksa kabingahan.

3. Reh ĕngkang soemping ka boemi,
teu aja sakara-kara,
moegi saladjĕngna bae,
ginandjar kawiloedjĕngan,
tong njorang deui bahla,
reboe noehoen ka Jang Agoeng,
djĕmbarna ka noe noeloengan."

4. Ki Abdoelkomar ngalahir,
dina salĕbĕting manah:
„Estoe ieu istri saleh,
anoe hade dipigarwa,
tjek aki-aki tea,
noe parĕng tĕpoeng di goenoeng,
noe mere boeboeka „akal."

5. Ladjĕngna njaoer ka rai:
„Doeh Ningroem intĕn bĕrlian,
nja Ēnoeng garwa ĕngkang teh,
anoe hade patekadan,
panoetan salawasna,
ĕngkang soempah taroh oemoer,
lamoen ti sĕmĕt ajeuna.

6. Ka hareup rek njorang deui,
lampah anoe goreng tea,
moegi Jang Widi sinaksen,
njaksian soempah si kakang,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

moega oelah djamoega.
lahirna ti para sĕpoeh,
batinna Allah ta'ala.

7. Sarta moal deui-deui,
boga lampah noe ka toekang,
ka Ēnoeng rek ngadjodjore,
Ēnoeng teh panoetan ĕngkang,
lahir-batin mo' tinggal,
tah soempah ĕngkang sakitoe,
moega koe Ēnoeng saksian.

8. Ajeuna dangoekeun Njai,
ĕngkang rek dadar paměndak,
lampah anoe geus kalakon,
tjeuk ĕngkang, ĕngkang tjilaka,
kalĕboeh di laoetan,
saĕnjana eta wadoel,
noe poegoeh eta teh „akal."

9. „Akal" anoe beunang meuli,
doeitna ti Ēnoeng tea,
koe ĕngkang kaharti kabeh,
sartana ĕnggeus karasa,
lampah pait-peuheurna,"
lalakon ki Komar-Abdoel,
didadarkeun ka raina.

10. Njai Ningroem nangis deui,
tina kaliwatan boengah,
wireh ngadangoe tjaroge,
sasaoeran totobatan,
baris saleh djeung sabar,
kotjapkeun bae geus isoek,
Doelkamar marĕk ka rama.

11. Oendjoekan lalakon tadi,
gĕmĕt taja noe kaliwat,
tatag, patitis, pĕrlente,
ti poerwa doegi wĕkasan,
sadajana didadar,
tjara wĕngi ka Nji Ningroem,
teu aja pisan bedana.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

12. Hadji Irsad soeka galih,
ngadangoe pihatoer poetra,
reh poetrana geus roemaos,
ageung kalĕpatanana,
ari ajeuna tobat,
lakoe-lampah noe ka poengkoer.
hĕnteu sĕdja dilakonan.

13. Ka Nji Ningroem malik asih,
didaměl garwa poesaka,
dianggo toeladan gĕde,
njata jen saleh manahna.
estoe ati sampoerna,
djeung roemaos dipitoeloeng,
kana djalan kasaean.

14. Katjap Doelkomar kawarti,
hĕnteu lawas ti harita,
ladjĕng angkat ka pasantren.
kalawan widi ramana,
sarĕng garwa teu tinggal.
mahamkeun sagala elmoe,
bagbagan hiroep sampoerna.

15. Boeboehan aja ti tadi,
toeroenan hade sĕpoehna,
nadjan keur ngorana goreng.
lamoen geus aja joeswa mah,
komo djeung dibarĕngan,
soehoed kana ngoelik elmoe,
naon bae wande gampang.

16. Elmoe[2] geus katjangking,
lilana teu katjarita,
ngaraosna di pasantren,
lahirna sarĕng batinna,
elmoe sinarĕng prakna,
ladjĕng sami pamit moendoer,
koe goeroena kawidian.

17. Barang soemping ka nagari,
koe rama-iboe dipapag,
tina bakating koe sono,
marga ongkoh kalamian,
reudjeung poetra teu tĕpang,
ajeuna katoeroeg-toeroeg,
tambah pintĕr djeung bageurna.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

11. Hadji Irsad tambah asih,
sarta seep pĕrtjantĕnna,
ka poetra, ka mantoe oge,
sami teu aja bedana,
estoe raos ka poetra,
hĕnteu raos ka minantoe,
raos sami poetra tjikal.

19. Barang ĕnggeus lami-lami,
manah Hadji geus sĕdĕngna,
ka poetra seleh kamoekten,
ladjĕng bae ngatoeranan,
Pangoeloe sabawahna,
moendoet saksi ki Pangoeloe,
ki Hadji pok sasaoeran:

20. „Sim koering njoehoenkeun saksi,
ka Kaoem djeung para mitra,
tina koela ĕnggeus kolot,
rek seseleh harta-banda,
ka anak, Abdoelkomar,
sakoemaha noe kasĕboet,
dina ieu tandatangan.

21. Sarta ieu oerang saksi,
teu langkoeng Pangoeloe-kota,
koemaha adjĕngan bae,
bagikeun asal walatra,
pakir, miskin sadaja,"
ladjĕng bae ki Pangoeloe,
ngadĕg barina ngadoenga.

22. Hĕnteu koengsi pesta deui,
ngan woengkoel rioengan toeang,
pakir, miskin koempoel kabeh,
sarta pada nampa djakat,
noe lima, gĕnĕp perak,
malah aja noe sapoeloeh,
geus kitoe sami boebaran.

23. Hadji Irsad toeloej ngalih,
ka loear ti padalĕman,
ngadamél deui pakoewon,
sinarĕng besanna tea,
oge geus papasrahan,
harta-banda ka minantoe,
ngabalakan loear kota.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

24. Toemětĕp moedji ngabakti,
ibadah ka Goesti Allah,
ambeh wiloedjĕng sakabeh,
ngaos sarĕng ngadoedoe'a,
moega-moega poetrana,
wiloedjĕng toeroen-toemoeroen.
parĕk ridjki, pandjang joeswa.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:24 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924020517185
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY